



## **AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE- KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON SOU SANTE MANTAL AK DOSYE SIKOTERAPI**

Dat Li Antre anvigè: 23 septanm 2013

Konfidansyalite enfòmasyon sou sante mantal ak dosye sikoterapi SUNY Downstate Medical Center konsève pwoteje nan lwa ak règleman Federal ak lwa ak règleman Eta yo. Pwoteksyon sa yo depase pwoteksyon ki dekri nan Avi jeneral SUNY Downstate Medical Center sou Pratik Konfidansyalite.

Nou rekòmande ou pran tan egzamine tou Avi jeneral SUNY Downstate Medical Center a sou Pratik Konfidansyalite yo. Avi jeneral sou Pratik Konfidansyalite nou yo bay enfòmasyon tou sou fason ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon medikal ou, epi enfòmasyon sou sante mantal ladan tou. Si gen nenpòt kontradiksyon ant Avi jeneral sou Pratik Konfidansyalite a ak avi sa a, pwoteksyon ki dekri nan avi sa a ap aplike alaplas pwoteksyon ki dekri nan Avi jeneral sou Pratik Konfidansyalite a.

### **KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON SOU SANTE MANTAL**

Pèsonèl andedan SUNY Downstate Medical Center (oswa asosye nan biznis li yo) ka itilize enfòmasyon sou sante mantal ou nan kad fonksyon yo pou ba ou tretman, jwenn peman pou tretman an oswa pou mennen aktivite biznis SUNY Downstate Medical Center. Anjeneral, SUNY Downstate Medical Center pa ka devwale ba moun deyò enfòmasyon sou sante mantal ou, *sof nan sitiyasyon sa yo*:

- Lè nou te jwenn konsantman w alekri;
- Ba yon reprezantan pèsonèl ki otorize pran desizyon pou swen sante onon ou;
- Ba ajans leta oswa konpayi asirans prive pou resevwa peman pou sèvis nou te ba ou;
- Pou respekte yon lòd tribinal;
- Ba moun ki apwopriye ki ka evite yon menas grav epi ki ki prêt pou rive sou sante oswa sekirite oumenm oubeyn sou sante oswa sekirite yon lòt moun;
- Ba otorite leta apwopriye pou jwenn yon moun ki disparèt oubyen pou fè yon ankèt kriminèl jan lwa Federal ak lwa Eta a sou konfidansyalite pèmèt sa;
- Ba lòt sèvis dijans lopital ki gen lisans jan lwa Federal ak lwa Eta a sou konfidansyalite pèmèt sa;
- Ba sèvis legal ikyèn mantal Eta a ofri;
- Ba avoka ki reprezante pasyan nan pwosedi entène lopital envolontèman;
- Bay fonksyonè leta ki gen otorite pou sa nan bi pou yo kontwole oswa evalye kalite swen SUNY Downstate Medikal Center oswa estaf li a bay;
- Ba chèchè kalifye, san otorizasyon w espesyalman, lè rechèch la reprezante yon risk minim pou vi prive w;
- Ba doktè lejis (coroner) ak ekzaminatè medikal pou detèmine kòz lanmò; ak
- Si ou se yon prizonye, ba yon etablisman koreksyonèl ki sètifye enfòmasyon yo nesesè pou ba ou swen sante, oswa pou pwoteje sante oubyen sekirite pa w oswa sante oubyen sekirite nenpòt lòt moun ki nan etablisman koreksyonèl la.

### **KONFIDANSYALITE DOSYE SIKOTERAPI**

Dosye sikoterapi se dosye yon pwofesyonèl sante mantal fè pou rapòte oswa analize sa ki nan yon konvèrsasyon pandan yon sesyon kaounselin prive – oswa pandan sesyon kaounselin angwoup, konjen oswa an fanmi. Si yo konsève dosye sa yo apa parapò rès dosye medikal ou yo, yo ka itilize ak divilge yo sèlman nan fason annapre la a. Anjeneral, yo pa ka itilize ni divilge dosye sikoterapi san otorizasyon w alekri, eksepte nan sikonstans sa yo.

*Yo ka itilize ak divilge dosye sikoterapi san otorizasyon w alekri nan sitiyasyon sa yo:*

- Pwofesyonèl sante mantal ki kreye dosye yo ka itilize yo pou ba ou plis tretman;
- Pwofesyonèl sante mantal ki kreye dosye yo ka divilge yo bay etidyan, estajyè oswa pratisyen sante mantal k ap aprann anba sipèvizon pou pratike oswa amelyore kapasite yo nan kaounselin angwoup, konjwen, an fanmi oswa endividyèl;
- Pwofesyonèl sante mantal ki kreye dosye yo ka divilge yo si sa nesesè pou defann tèt li oswa pou defann SUNY Downstate Medical Center nan yon pwosedi legal oumenm oswa reprezantan pèsònèl ou antame;
- Pwofesyonèl sante mantal ki kreye dosye yo ka divilge yo dapre egzijans lalwa;
- Pwofesyonèl sante mantal ki kreye dosye yo ka divilge dosye yo ba otorite leta ki la pou sa pou evite yon menas grav epi ki prêt pou rive sou sante oswa sekirite oumenm oubyen sante oswa sekirite yon lòt moun;
- Pwofesyonèl sante mantal ki kreye dosye yo ka divilge yo ba Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini lè ajans sa mande yo pou mennen ankèt pou wè si pwofesyonèl sante mantal la oubyen SUNY Downstate Medical Center konfòme yo ak lwa ak règleman Federal sou vi prive ak konfidansyalite; epi
- Pwofesyonèl sante mantal ki kreye dosye yo ka divilge yo ba ekzaminatè medikal ak doktè lejis (coroner), si sa nesesè, pou detèmine kòz lanmò.

*Tout lòt itilizasyon ak divilgasyon dosye sikoterapi mande otorizasyon espesyal ou alekri.*

#### **FASON POU JWENN YON KOPI AVI SA A**

Ou gen yon dwa pou jwenn yon kopi avi sa a sou papye. Ou ka mande yon kopi avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menmsi ou te dakò anvansa pou resevwa avi sa a elektwonikman. Yon kopi avi nou genyen nan moman an ap toujou afiche nan zòn anrejistrement nou yo. W ap kapab jwenn pwòp kopi pa w tou si w ale sou sit entènèt nou an nan "[www.downstate.edu](http://www.downstate.edu)", oubyen si w rele Depatman Admisyon an nan 718-270-2862 osinon si w mande yonn nan moman pwochèn vizit ou an. Nou ka chanje pratik sou konfidansyalite nou yo detanzantan. Si nou fè sa, n ap revize dokiman sa dekwa pou w gen yon rezime ekzak sou prensip nou yo epi n ap ba ou yon kopi si ou mande sa. Avi revize a ap aplike pou tout enfòmasyon pwogram lan konsève epi dapre lalwa nou oblige respekte kondisyon avi a. Dat avi a antre anvigè ap toujou sou premye paj la nan kwen anlè adwat.

#### **FASON POU POTE YON PLENT**

Si ou kwè yo te vyole dwa ou genyen konsènan vi prive w, ou ka depoze yon plent bòkote nou oswa bòkote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. *Pèsonn pa pral fè reprezay ni pran sanksyon kont ou poutèt ou pote yon plent.*

Pou pote yon plent bòkote nou, tanpri kontakte yon reprezantan Relasyon Pasyan nan 718-270-1111. Ou ka kontakte tou Nimewo nan SUNY Downstate Medical Center pou fè respekte Kòd Konduit (Compliance Line) nan **877-349-SUNY (7869)** oswa pou fè yon rapò sou entènèt, ou ka klik sou "Compliance Line" nan anba sou sit entènèt SUNY Downstate Medical Center a [www.downstate.edu](http://www.downstate.edu).

Pou pote yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, ou ka ekri oswa rele:

US Department of HHS Government Center  
John F. Kennedy Federal Building- Room 1875  
Boston, Massachusetts 02203

Nimewo Telefòn: 617-565-1340  
Nimewo Faks: 617-565-3809  
TDD: 617-565-1343